



Pou Piblikasyon Imedya: 30/12/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLAN PILÒT FINAL K AP PÈMÈT FANATIK YO ASISTE PREMYE MATCH ELIMINATWA ADOMISIL BUFFALO BILLS LA DEPI PLIS PASE DE DESENI

Selon plan final la, y ap pèmèt 6,700 fanatik asiste match la

*Admisyon an pral depann de rezilta tèst negatif; y ap retrase kontak yo apre sa—
New York pral premye Eta nan nasyon an ki egzije mezi sa yo*

Si demonstrasyon an reyisi, li ta ka sèvi kòm yon modèl pou reouvri espas divètisman yo atravè Eta New York

Fèt anvan match la rete entèdi

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plan pilòt final k ap pèmèt fanatik yo asiste premye match eliminatwa adomisil Buffalo Bills la depi plis pase de deseni anba pwotokòl COVID-19 estrik. Dapre plan pilòt la, ki te devlope nan kowoperasyon ant Bills, Eta New York ak Laboratwa Bio-Reference, 6,700 fanatik ap otorize pou asiste match la sèlman lè yo fin jwenn yon rezilta tèst COVID-19 ki negatif. Y ap retrase kontak yo tou apre match la. Sa se premye plan pilòt pou reouvri stad nan peyi a ki egzije mezi sa yo e si li aplike avèk siksè, sa ta ka sèvi kòm yon modèl pou reouvri espas divètisman yo atravè New York.

"Fanatik Bills yo te tann plizyè deseni pou asiste yon match eliminatwa lakay yo e nou te travay pou konstui yon pwogram pilòt inovan pou fè sa rive nan tout serite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan tout sezon an, jwèt ekselan Bills la te kapte yon sèten enèji ak cham ki san dout enfektye, men nou tout dwe entelijan. Nou gen kontwòl destine nou e jan nou aji pral detèmine kisa k ap vini apre. Kidonk, byenke se yon moman kè kontan ak selebrasyon, li enpòtan pou chak moun swiv enstriksyon yo epi pratike konpòtman ki sekirize nou konnen ki fonksyone. Si chak moun fè pati pa yo, mwen kwè plan pilòt sa ap reyisi. Ale Bills!"

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Pandan tout pandemi sa, Gouvènè Cuomo ak Depatman Sante a (Department of Health) te fè rechèch epi mete done anplas san rete pou ede nou jere pwopagasyon maladi danjere sa. Analiz sante piblik ki soti nan pwojè pilòt sa ap ede nou planifye gwo rasanbleman alavni yo nan tout sekirite antanke yon modèl pou lòt eta yo. Ke w ap asiste an pèsòn oswa non, nou ankouraje ou rete an sekirite epi entelijan".

Pwopriyetè Buffalo Bills Kim ak Terry Pegula te deklare, "Nou konnen ke fanatik yo te tann 25 an pou yo te ka asiste yon match eliminatwa lokal. Nou remèsye Gouvènè a ak tout ekip li a, ak BioReference paske yo travay ak dilijans ak òganizasyon Bills la. Nou tout konnen kisa ki dwe fèt e nou tout bezwen fè pati pa nou, menm jan ak fanatik yo -- tanpri, sonje pou nou konfòme nou, mete mask nou epi kenbe distans sosyal. Ale Bills"!

Jon R. Cohen, M.D., Prezidan Egzekitif Laboratwa BioReference, te deklare, "BioReference te ouvri wout nan bay pwogram depistaj COVID-19 a gran echèl pou òganizasyon ak minisipalite atravè peyi a. Tès fanatik yo se pwochen etap natirèl nan ede Ameriken yo asiste epi pran plezi nan aktivite espò ak divètisman an dirèk".

Dapre plan an, anplwaye ekip la ap kontwole tout pwèn sòti ak antre nan estad la epi se sèlman fanatik ki gen yon tès COVID-19 negatif ki dokimante k ap otorize antre anndan. Y ap fè tès yo nan patenarya ak Bio Reference. Yon fwa ke yo andedan estad la, yo pral egziye fanatik yo mete yon mask tout tan epi yo ta dwe konfòme yo ak pwotokòl distans sosyal estrik. Y ap fè fanatik ki refize konfòme yo ak pwotokòl sa yo soti nan estad la. Pral gen plasye ki prezan tou nan tout estad la pou asire tout fanatik yo an konfòmite. Kòm yon pati nan etid eta a, pèsònèl nan Depatman Sante a deja vwayaje nan lòt estad andeyò New York kote yo mete an plas pwotokòl ki menm jan pou konfime efikasite yo.

Fèt anvan match yo rete entèdi dapre plan sa a epi n ap raple Nouyòkè yo pou evite rasanbleman ak fèt anvan, pandan ak apre match la pliske evènman sa yo se lye pwopagasyon viris prensipal yo ye.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)